COVID-19 VACCINES

Wetin You Suppose Sabi | March 2021

De vaccine wey dey now go fit work to catch new COVID-19 strain dem?

Dem suppose. As new COVID-19 strain dem continue to dey show, more research go helep us to sabi how de vaccine dey catch dem. To take de vaccine still be de **best way** to protect weself and we community dem for COVID-19.

Na wetin be de side effect of de vaccine?

De side effect wey dey common for de Pfizer and Moderna COVID-19 vaccine na arm pain, fever, body pains, headache, and tiredness. Dis go stop after a few days. Side effect fit dey worse after de second dose. Even as e bad reach, side effect na ogbonge sign wey dey show say de vaccine dey work and your body dey arrange to protect you against de virus. Side effect from de vaccine no fit dey serious reach de symptoms and long-term wahala of COVID-19.

Dem dey pay money to get de vaccine?

De vaccine **no go** cost you sisi. Your vaccine site fit ask for insurance information, but even if you no get insurance, you go still get de vaccine. If dem ask you to pay for a vaccine, den dat one na scam and make you report am for New Jersey Consumer Affairs at 973-504-6240.

If you still get question for how COVID-19 vaccine dey work? Contact 848-932-5862 or community@ifh.rutgers.edu.

RUTGERS Institute for Health, Health Care Policy and Aging Research
NEW BRUNSWICK AREA NAACP
Robert Wood Johnson University Hospital | RWJBarnabas HEALTH
PRAB